



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METWO VIL NEW YORK LA BAT NOUVO REKÒ  
POU TRANSPÒ PASAJE NAN WIKENN**

***Metwo yo te anrejistre plis 2.7 milyon vwayaj peye nan dat 28 oktòb la, sa ki depase rekò anvan pandemi an ki te etabli nan desanm 2022***

***OMNY rprezante yon rekò 55.2 pousan nan vwayaj sa yo***

***Otobis Vil New York yo anrejistre plis pase 852,000 vwayaj ki peye***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Metwo Vil New York la te anrejistre 2,744,462 vwayaj peye nan samdi 28 oktòb, pi gwo kantite nan jou wikenn total depi 2020. Rekò a lajman depase siyifikativman rekò samdi ak wikenn anvan yo ki te etabli 10 desanm 2022, lè apeprè 2.6 milyon moun te pran tren an. Otobis Vil New York yo te wè tou yon samdi ki fò, kote yo te anrejistre plis pase 852,000 vwayaj peye, yon amelyorasyon 7.3 pousan pa rapò ak samdi anvan an.

"Administrasyon mwen an te fè investisman istorik nan sekirite ak ogmante sèvis pou atire plis pasaje tounen nan MTA a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye bat rekò pasaje yo nan metwo yo, wout ray yo, ak otobis nou yo pandan Nouyòkè yo ap kontinye retounen nan sistèm nan ak fyète."

Rekò tren an samdi te kondwi pa kat ki nan sistèm nan – 55.2 pousan nan tout vwayaj yo se te kliyan ki itilize kat yo, yon rekò nan yon jou. OMNY, sistèm peman san kontak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, reprezante an jeneral prèske mwaye nan tout vwayaj ki peye nan tren yo.

**Prezidan Transpò Komen MTA Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare,** "Manman Lanati te ban nou bon tan yon samdi pou premye fwa depi yon etènite, epi moun yo te pwofite li. Sa ki pi enpòtan, yo te itilize metwo yo an chif rekò pou yo rive kote yo te bezwen ale, epi anpil nan pasaje sa yo te itilize OMNY. NYC Transit ap rete konsantre sou bay sèvis pi rapid, pi pwòp, ki pi an sekirite – ki gen ladan ogmante kantite sèvis nou bay nan wikenn – pou nou ka selebre plis rekò akoutèm."

Pasaj yo ak rekò OMNY yo te vini de jou anvan MTA ta aktive distribitè otomatik pou kliyan OMNY nan Bronx, Brooklyn, Manhattan ak Queens, sa ki pèmèt pasaje yo sèvi

ak lajan kach nan distribitè otomatik yo, epi yo aksepte kat kredi ak debi ak bous dijital tou pou acha.

Kat sa yo bay yon lòt fason pou pwofite fleksibilite finansye OMNY pou peye ofiramezi epi pa janm depanse plis pase 34.00 dola nan 7 jou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)